

# Kontra enfòmèl North Grade Elementary ak paran elèv 2023-2024

Objektif nou: Misyòn pwofesè, administratè, paran, elèv, ak kominote yo se pou yo ofri yon anviwònman ki san danje e ki ofri bon jan edikasyon pou tout timoun ka tounen sitoyen ki responsab, ki konn li ak ekri, ki motive.

## Administratè yo ak Pwofesè dakò:

- Ofri yon anviwònman ki kondwi a edikasyon atravè lekòl la.
- Ofri bòn jan kalite kourikoulòm ak enstriksyon ki pèmèt elèv yo satisfè yon estanda ki wo.
- Respekte e valorize gro varyete diferans kiltirèl ant elèv ak fanmi yo pandan nap ofri tradiktè pou moun ki pa pale anglè.
- Kwe ke chak elèv ka aprann e recevwa pi bon pratik ansèyman.
- Ankouraje yon atmosfè e ankouraje yo vinn patisipe aktivman.
- Bay bilten chak mwa epi ak yon link ki gen enfòmasyon lekòl la ak aktivite ki enpòtan.
- Ofri materyèl ak resous edikasyonèl pou paran yo ka travay ansanm ak pitit yo lakay yo.
- Pwofesè yo gin pou yo vini nan klas la pare pou yo anseye, kwe ke chak elèv ka aprann e ede yo grandi nan direksyon pou potansyèl yo.
- Pwofesè yo gen po fe 2 konferans avek chak paran elèv yo epi ofri enfòmasyon osijè devlopman chak elèv endividyèlman.
- Demontre konpòtman positif ak yon atitud pwofesyonèl anvè eleve yo

## Paran/Gadyen yo dakò ak:

- Asire ke elèv la toujou vinn a lè, prepare, e ke li mete inifòm jeneral lekòl la.
- Asire m ke elev yo pase yon bòn nwit.
- Ede pitit mwen fè chwa manje ki ap kenbe li an sante evite manje ki gen sik ak bwason
- Mete pitit mwen nan yon enwiwònman kap pèmèt li aprann kòm sa dwa nan kontwòle devwa yo epi verifye/ kominike sa ki nan jounal kotidyen elèv la/ kontwòle medya sosyal/ ede ak sipò nan objektif lekòl la ak elèv yo
- Toujou li avek elèv la epi veye sa yap gade nan televizyon e jwèt video ke yap jwe lakay yo.
- Fè efò pou patisipe kòm volontè epi rankontre ak pwofesè pou konferans 2 fwa nan ane a pou pi piti.
- Respekte ak sipòte lekòl la, pwofesè yo, ak administrasyon an.
- Fè lekòl la konnen si ou chanje telefòn e/ou byen adrès.

## Elèv yo dakò:

- Vinn lekòl a lè, ak anvi pou aprann, prepare pou travay anpil epi mete inifòm jeneral lekòl la.
- Ranpli tout devwa klas mwen, fè devwa mwen epi li chak swa
- Pale ak paran mwen sou sa mwen aprann nan lekòl la
- Resolve conflicts in a peaceful manner, respect each other's personal space, treat others with kindness
- Respekte pwofesè mwen yo, kamarad mwen yo, epi obeyi règleman lekòl la.
- Chwazi manje ki ap kembe an santé.

*Chak lekòl gen bezwen ak resous pwop a yo menm ki dwe reflekte kontra a e ke tout reprezantan pati yo dako sou li.*



Siyen anba a e retounen l mòso a bay profesè klas ou a anvan oubyen 25 Out 2021

Pwofesè

Dat

Prensipal

Dat

Paran/Gadyan

Dat

Elèv

Dat

Kontra enfòmèl lekòl la te distribye a paran yo le \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_.

Tanpri makè yon ou plus bwat ki di koman kontra enfòmèl te al jwenn paran yo:

Nan Valiz Elèv

Pa Lapos

Internet – <https://nges.palmbeachschools.org>

ParentLink